

Chan: Malnourisyon (Song: Malnutrition)

Premye Kouplè (First Verse):

Timoun se kado presye
Children are a precious gift
Se yo menm pou nou proteje
It's them we should protect
Lè timoun nan gwo bezwen
When children are in great need
Tout moun gen responsablite
Everyone has a responsibility
Lè timoun yo manke manje
When children don't get enough to eat
Lè yo souffri dyare souvan
When they suffer from diarrhea often
Yo pèdi pwa yo manke cheve
They lose weight and their hair is sparse
Koute m yo nan gwo danje
Believe me, they're in great danger

Malnourisyon se move kondisyon
Malnutrition is a bad condition
Li volè sante timoun ayisyen yo
It steals the health of Haitian children
Malnourisyon, malnourisyon
Malnutrition, malnutrition
Pa kite timoun tonbe nan malnourisyon
Don't let children fall into malnutrition

Dezyèm Kouplè (Second Verse):

Si pitit ou ap megri
If your child is losing weight
Oubyen pye li anfle
Or his/her feet are swelling
Cheve li ap tounen wouj
His/her hair is turning red
Malnourisyon lakay ou
Malnutrition is in your home
Pa mize ale kouri
Don't doddle, hurry up
Mennen li lakay doktè
Take him/her to the doctor's building
Swiv tretman doktè a ba ou
Follow the treatment the doctor gives you
Pou pitit ou ka fè mye
So that your child can get better

Malnourisyon se move kondisyon
Malnutrition is a bad condition
Li volè sante timoun ayisyen yo
It steals the health of Haitian children
Malnourisyon, malnourisyon
Malnutrition, malnutrition
Ede timoun ki tonbe nan malnourisyon
Help the children who fall into malnutrition

Twazyèm Kouplè (Third Verse):

Evite miyo pase mande padon
Prevention is better than being sorry
Kite m ba ou yon ti konsèy
Let me give you a little advice
Timoun bezwen manje byen
Children need to eat well
Pwa, legim, bannann, vyann
Beans, vegetables, plantain, meat
Pa kite yo bwè dlo ki pa trete
Don't let them drink untreated water
Konsa w ap evite dyare
That way you'll prevent diarrhea
Montre yo lave men yo souvan
Teach them to wash their hands often
Pou anpeche yo vin malad
To prevent them from getting sick

Katriyèm Kouplè (Fourth Verse):

Si pitit ou malad konsa
If your child is sick like this
Pa bay legen genyen lespwa
Don't give up; there is hope
Men pa tann fòk ou prese
But don't wait, you must hurry
Avèk tretman li ka refè
With treatment, he/she can recover

Malnourisyon se move kondisyon
Malnutrition is a bad condition
Li volè sante timoun ayisyen yo
It steals the health of Haitian children
Malnourisyon, malnourisyon
Malnutrition, malnutrition
Evite timoun tonbe nan malnourisyon
Prevent the children from falling into malnutrition